

**Ikinyamakuru  
ca Eklezia  
Gatolika  
Umwaka wa 71  
Gisohoka kabiri mu  
kwezi  
Ikiguzi : 500FBu**

Email: [journalndongozi@gmail.com](mailto:journalndongozi@gmail.com)

Facebook : Journal ndongozi y'uburundi Rusizi  
Ziramamembe; Twitter: Ndongozi y'Uburundi

# NDONGOZI Y'UBURUNDI

Adresse : Candikirwa, kigasohorerwa muri Ndongozi y'Uburundi.  
Avenue de la mission n° 06



«Jewe ndi wa mwungere mwiza»  
Jn 10, 11a

B.P 690 Bujumbura. Tél.: 222762. WhatsApp 71532337 N°819 15 Mukakaro 2024

## Kumenyeshya Inkuru nziza ku butumwa bw'amezi ya Mukakaro na Myandagaro

1. Bakristu dusangiye ukwemera, tukanasangira n'ubutumwa bwo kumenyeshya Inkuru Nziza ya Yezu Kristu kw'isi yose, kw'izina ry'Inama y'Abepiskopi bacu yanshinze kurongora Umugwi mpanuzwajambo wayo mu vyerekeye ukumenyeshya Inkuru Nziza n'ukuremesha inyigisho nkomeza kwemera, ndabaramukije ndabipfuriza mwese amahoro y'Umukama wacu Yezu Kristu.

2. Musanzwe muzi ko, buri mwaka, amezi ya

Mukakaro na Myandagaro, tuyagera gusabira n'ugushigikira itorwa, kikaba ikiringo kiramvuye cuhirira Umusi mpuzamakungu wahariwe iryotorwa duhimbaza ku musiw'Imana ugira kane wa Pasika.

Muri ayo mezi, ni ho igikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa, kimwe muri vya Bikorwa bine vya Papa vyo gukwiza hose Inkuru Nziza ya Yezu Kristu, kiduhimiriza gusenga dushimitse,

dusaba Nyenumurima ngo arungike abakozi benshi mu murima wiwe (Raba Luka 10,2).

Kigirako kidusaba n'uguterera uburyo, ngo haboneke amikoro yo kurangura neza igikorwa co gushwabura no kurera abo Imana itorera kwihebera ubutumwa bw'ukumenyeshya Inkuru Nziza.

3. Ico Gikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa, catangujwe mu mwaka w'1889

mu gihugu c'Ubufaransa, kubw'ukwitanga kw'umwigeme Yohana Bigard afashijwe na nyina wiwe Stefaniya Cottin Bigard.

Uwo mwigeme be n'umuyeyi wiwe, babakumenyeshyeye bari basangiye, yuko Inkuru Nziza yomeyekana kw'isi yose.

Bompi barategera ko, kugira ngo bishoboke, ari ngombwa yuko abakristu basenga bakongera bakibabaza,

Soma ku Rup. 4

Abakozi ba Ndongozi

Uwujejwe uruganda:

\* A. Noël NTIRANDEKURA

Abamenyeshamakuru:

\* A. Noël NTIRANDEKURA

\* Mélance NDAYIKEZE

\* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Uwujejwe ubuhinga:

\* Chanel HARINGANJI

Umunyamabanga:

\* MSV Marie Goreth NDIKUMANA

Umunyabigega:

\* MSV Nadine HARAGIRIMANA

Uwujejwe imigenderanire:

\* J. de Dieu NDIKUMANA

## Amaze imyaka ine, yamaze iki? (Ibikurikira)

15. Tuzerejwe nuko turavye Abarundi ku maso tubona ko bafise ubuzima. Ubu Abarundi batari bake barubaka utuzu twiza, barambaye uduhuzo dusesuka, barafungura uko bavyipfuzaga.

Ni vyo turabona agahaze, ariko turakwiye kumenya ko icyo utanguye urugamba rw'iterambere rudaca rurangira ubwo nyene. Umuntu yama mu vyipfuzo imisi yose, aronse iki aca yipfuzaga igikurikira.

Mere nka wa muvuzi w'inanga niwe yaharashe ati: "Mbega umuhigwe kuri iyi si ni nde"?



Soma ku Rup. 3

## Ibirimwo

o Imvugo itababaza mu mashure.....7

o Inkingi, amahangiro ya kazozo n'ico imbonakozza yipfuzaga.....8

o Amakungu arakenguruka intambwe Uburundi bugezeko mu bijanyaga n'agateka ka zina muntu.....9  
o Ingene uburenganzira bwo kugira ijamba mu ntwaro y'igihugu butegekanijwe.....10

## Idominika ya cumi na gatandatu: Umwaka B

**Igisomwa ca mbere: Yeremiya : 23, 6 – 1**

Ivyo dusoma mu gitabu c'Umuhanuzi Yeremiya :

*(Abungere beza b'igihugu c'Imana)*

Ng'iri iryavumerewe n'Umukama :

Baragatoye abungere bareka intama zo mu canya canje zigahona kandi bakazishwiragiza ! Ni co gituma jewe Umukama Imana y'Israeli, mbwiye abo nashinze kuragira intama zanje z'Israeli nti : Intama zanje mwaraziretse, zirashwiragira, zirazimira, ntimwazitayeho.

Jewe ngiye kubashinga ijisho kubera akabi mwakoze. Hanyuma nzoshwaburira hamwe intama zanje zasigaye, ndazikure mu bihugu vyose aho nazirukaniye. Nzozisubiza mu bwatsi bwazo, zirondoke, zigwire. Nzozironderera abungere baziragirana ubwira ; ntizizoba zikigira ubwoba canke ngo zihagarike umutima, kandi nti hazotakara n'imwe muri zo : ni jewe Umukama mbivuze.

Mu minsi izoza nzotuma Dawudi kunaga akabuto k'ubutungane : azoganza nk'umwami w'ukuri kandi w'incabwenge, azotwaza igihugu ingingo n'ubutungane. Ku ngoma yiwe, Abayahudi bazoba bakize, Abanyisraeli bibere mu mahoro. Mbere ng'iri izina bazo mutazira : « Umukama niwe Butungane bwacu. »

**Igisomwa ca kabiri: Abanyefezi: 2,13 -18**

Ivyo dusoma mw'ikete Umutumwa Paulo yandikiye Abanyefezi:

*(Yezu ni we mahoro y'abantu bose)*

Ncuti zanje :

Kera mwari kure y'Imana y'isezerano, none mwabaye hafi kubera amaraso ya Kristu. Koko, Kristu ni we Mahoro yacu, kuko ariwe yahinduye vya bihugu bibiri, - Israeli n'abapagani,- bigacika kimwe.

Mu mubiri wiwe wabambwe, yarasituye rwa ruhome rwabitanya ari rwo rwanko, arahanagura imiziro n'amabwirizwa ya Musa. Nuko, yashaka kubakoranya bose ngo abazanire amahoro, areme muri we umuntu umwe mushasha. Bose yashaka kubuzuriza n'Imana, mu kubakoranziriza mu mubiri umwe. Ivyo yabishoboye mu gupfa ku musalaba ; niho yiciye urwanko mu mubiri wiwe. Yaraje rero kubarangira Inkuru nziza y'amahoro, mwebwe mwari kure, n'abari hafi. Duciye kuri we, twese niho tuzoronka inzira idushikana kwa Data muri Mutima umwe.

**Inkuru nziza : Mariko : 6,30- 34**

**Alleluya, Alleluya.**

*Umukama yavuze ati : « Intama zanje zirumviriza ijwi ryanje, kandi ndazizi, na zo zikamenya. »*

**Alleluya.**

Ivyo dusoma mu Njili nyeranda yanditse Mariko :

*(Bari nk'intama zitagira umwungere)*

Umunsi umwe, abatumwa bateraniye imbere ya Yezu, bamwiganira ivyo bari bagize vyose n'ivyo bari bigishije vyose. Arababwira ati : « Nimuze ahiherereye muruhuke gatoyi. » Nkako abashika n'abagenda bari igihugu, nta n'akanya kaboneka k'ugufungura.

Bagenda rero mu bwato, barora mu gahinga hiherereye. Ariko abantu barababona bagenda ; benshi rero barahwihwisha iyo baroye, barahava bava mu bisagara vyose birukayo n'amaguru, barabatanga. Ngo bururuke amato, Yezu aca abona igihugu c'abantu, bimutera imbabazi, kuko bari nk'intama zitagira umwungere, aca aja mu vyo kubigisha igihe kitari gito.

## Kumenyeshya Inkuru nziza ku butumwa bw'amezi ya Mukakaro na Myandagaro

*(Bitangurira ku rup.1)*

kugira ngo Imana igume ishira mu mutima w'abo yigomewe icyumviro c'uguhebera ubuzima bwabo bwose ubwo butumwa.

Ico gisabisho n'uko kwibabaza bikabwirizwa gukabura n'umutima wo

gutanga intererano y'uburyo nkenerwa kugira ngo hubakwe amarerero ategurirwamwo abo abatumwa, haboneke n'ivyo abari mu butumwa bw'ukumenyeshya Inkuru Nziza bakenera.

Ng'ivyo ivyatumye uyo

mwana na nyina wiwe bashima kuba mu nzu ibayabaye, iyindi nziza bari bafise bayigenera ubwo butumwa, ubundi butunzi bwabo na bwo babufashisha abamisiyonari, barongerera barubakisha Iseminari mu gihugu ca Sri Lanka, ku

mugabane wa Aziya.

Ivyo vyiza bakoze biri-mwo mu vyatumye Papa Leon XIII ategera akamaro k'ico gikorwa c'ugusabira n'ukwitangira ukuremesha itorwa, arahaheza arahimiriza ngo

# Amaze imyaka ine, yamaze iki? *(Ibikurikira)*

*(Bitangurira ku rup.1)*

Iyi si ni ivyiyipfuzo vy'umubiri; umuntu biragoye ko anyugwa, ni co gituma na shetani itabura aho imenera, mu gihe hari abantu.

16. Dusubije amaso inyuma, aho hambere hake-ra, tukiri mu ntwaro ya gi-koloni, twipfuzo umwidgegemvye w'Abarundi mu kwitunganiriza kazoza kabo. Bukeye kabiri, twararonse intahe y'ukwikukira, hatangura kuza i-ntwaro y'ubugunge, duca twipfuzo intwaro ihananira abenegihugu. Iyo na yo yaraburabujwe, haduka ingwano mu gihugu.

Mu kuyivamwo, Abarundi bose bipfuzo amahoro, maze amahoro tuyaronse duca twipfuzo amahoro yo mu nda. Ubu rero twaronse umwizero ko umunwa uriko uraronka, abamaze kuronka umusesekara, umupfuko ukaronka, bipfuzo kugendera mu bihinda, bisaba igitoro. Bipfuzo kunywa agapfundikiye, bakipfuzo kurya utuvuye mu bazungu ngo berekane ko bateye imbere.

17. Ni vyo turumva imyidodombo hirya no hino. Mugabo ikinezereza kurusha, ni uko dusangiye umubabaro; ico ciza turondera, na jewe ndakibuze nagishaka. Igihambaye ni uko twese atawe twagiriza ko ari we atubujije kugishikira.

Ubu rero ko dusangiye ingorane, ntizitume duta ubwoko kuko burya kugira umenye umusaraba wikoreye, imbere yo guta ishavu ku bantu, ni vyiza

ko wobanza kuraba na bo umusaraba bahegekeye. Kuko hari aho wosanga ivyo urirana ari vyo abandi baririra. Twokwama kandi twibuka ko inda ndende ihumira indya, ikica akokize.

*Bavukanyi,*

18. Uno musu hariho abaguma barondera urwitwazo kugira bakwegere abantu mu mugararizo. Kugira mu mubitegere neza tubanze turabe ibihe turimwo, twongere tubone iyo turiko twogorora tuva. Muzohura n'umuntu akakubwira ngo ubukene bw'ubu tuzobuvamwo gute? Mbega ejo haheze yari atunze?

Yahombeye hehe? Nimumenye ko uwo avuga uko aho hahise yarara ntibuca, ico gihe yavuga ati mbega aya magume tuzoyavamwo gute? Ariko ubu yipfuzo umudugararo kugira asubire muri ya magume.

Tubimenye ko Shetani ikwasha kwica uwawe, wamara kumwica ikigira ugasigara uricuza.

19. Tugume twibuka ko turiko duhindura ibintu kandi na mwe murabizi, ngo ata gapfuye nta gakira. Hariho abantu bari babeshajweho n'ubugunge, bakarya ivy'igihugu abandi barorera.

Abo rero, aho dutanguriye gusabikanya ivy'igihugu, bameze nka wa mwana w'imfura iyo akurikiwe atawumutorana agatiro.

Hariho abari babeshajweho no kurya ivyo abandi barondeye, none ubu uwabirirye ni we abirya.

Aho kwiga kubirondera, birabagora, bagaca basahaka guta abandi mu rudubi nka ya nyabu yacika umurizo igaca ihanura n'izindi zose kuyica, ngo irazigora itwara.

Hariho n'abahora baja inama n'indongozi zibahebera bo nyene inzira yogutunga, none ubu tuzanyemwidgegemvye wa bose bibagora kwakira.

Mbere hariho n'abari batunzwe na politique yogutungwa n'ivyicaro, agatoki kabo kakaba kari karamenyereye kunyona. N'abo kubatunga ntivyoroshe. Kandi abose, ingorane zabo ntibazishira hejuru, ahubwo bazita iza bose.

Ni co gituma mubona ibibazo bishirwa ahabona ari ibibazo rusangi, ata we tuvuyagiriza ngo ni we aturiye. Hariho rero n'abandi batarira busema, nk'abo twita ba Biryanguze. Ivyo tubibona mu ntara ya Rumonge kubera barima ubwoko bumwe bw'ivyimbura.

Na bo iciza, barafise amahera bakura mu mavuta y'ibigazi. Abandi ni mu gisagara ca Bujumbura; na bo batunzwe n'isoko gusa. Abo bagize ingorane kuko ivyo kurya bitabashikira neza, hamwe kubera abadanza babigira nkana, ahandi kubera imiduga itaronka igitoro gikwiye.

Kubera rero ubuke bw'ivyo kurya mw'isoko, ababidandaza bagaca bikika mu kiza. Ariko nagira ndabaremeshe, indya mu Burundi ni rya nawe.

Ikigoye ni kuva mu ntara

ziza muri izo ntara ziri mwo abatunzwe no gusuma. Abo turiko turabitunganya dufadikanije n'abajewe intwaro kugira ubu bwa vuba bizobashikire ku kiguzi cababana n'ico mu zindi ntara.

Ko ibibazo ari rusangi, ubu hari hageze ko tuja hamwe twese tukigira hamwe ingene dutora umuti w'ingorane dusaangiye. Gutyo ntacotunana, turi kumwe twese birashoboka, kuko umutwe umwe ntiwigira inama. Noneho tweho turacafise n'ubwo ducumbisha kumwe, ubu hari abandi batubwira ngo "Havuga uwo bubezwe", ibibazo vy'ubutunzi biri kw'isi yose.

20. Ndasavye abarundi kwima amatwi ba sesankuyozwe. Abo bavugame-nshi, muraraba neza ko ahubwo atari abashakakudutesha ya ngumba yo mu 2040, ngo dusubire inyuma kumwe bene I-sraeli bari basigaje urugendo rw'imisi mirongo ine, hanyuma bakagarariza.

Mwibuke ko Imana yabahaye igihano ko atawushitse mu bigero azohahonyora. Kandi vyabaye ivyo. Vyiza twokwibera nka wa mwana w'impfuyi abaga yotsa, canke tukaba nka wa mugabo agaya amira, tukabumbwa n'ivyo dufise.

*Bavukanyi,*

21. Hari ibimenyetso vyinshi bitanga umwizero tutokwiringagiza kugira ngo tubone ko imbere ari heza.



# Kumenyesha Inkuru nziza ku butumwa bw'amezi ya Mukakaro na Myandagaro

*(Bitangurira ku rup.2)*

kirangurwe kandi gishinge imizi muri Ekleziya yose.

4. Abo bapfasoni babiri Yohana na Stefaniya baratubera akarorero k'ukwitanga mu gusenga no mu guhereshya igisabisho ibikorwa biboneka ngo twerekane ko ivyo dusaba tubishashaye kandi ko ataco tudakora ngo duterere, bije mu ngiro.

Ivyo ni vyo turondera ko vyoranguka no muri twebwe mu gushinga indinganizo y'ivyokorwa ngo amezi y'ukw'indwi n'ukw'umunani asige adukaburiye umutima w'ugukunda ubutumwa bw'ukwitanga ngo abasaserdoti n'abihebeyimana bagwire kandi babe beranda.

Gurtyo tukaba turesheje no mu gihugu cacu ubutumwa bw'Igikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa.

5. Turashima ko imirwi y'ubutumwa ikomoka kuri ico Gikorwa, yamaze gushinga imizi mu maparuwase atari make, aho itarashika na ho tukaba twipfuzwa ko itanguzwa vuba kandi igashigikirwa ngo igere ku rugero abandi bageze. Iyo nayo ni iyi :

- Umurwi w'itorwa uhurikiyemwo abanyeshure bo ma mashure shingiro no mu mashure makuru, batohoza umuhamagaro wabo ;

- Umurwi ndemeshatorwa uhurikiyemwo imiryango yiyemeza gushi-

gikira amatorwa ;

- Ihuriro ry'abaseminari bakuru n'abanovisi bitaho ivy'ukumenyesha Inkuru Nziza.

Yose uko ari itatu, ishira imbere ya vyose igisabisho ngo haboneke abatumwa benshi beranda bakomeza Ekleziya mu kurangura ubutumwa bwayo.

6. Turashima kandi ko abatari bake mutera mutegera ukuruta ko, nk'uko, ingingo y'222 y'Amategoko y'Ekleziya ibibatereza, mu gace kayo ka mbere « babwirijwe kuronsa Ekleziya ivyo ikeneye kugira ironke ibiyifasha gutunganya ibikorwa vya liturjiya, ishobore gutunganya ubundi butumwa bwayo yongere ifashe abagowe, kandi ishobore gutunga neza abatumwa bahevyeye vyose kugira ngo bitangire Umuryango. »

7. Turabatumiriyere rero ku vyubahiriza mwese, muri aya mezi abiri y'ukw'indwi n'ukw'umunani, muca mu makanda ya Yohana Bigard na nyina wiwe Stefaniya Cottin Bigard. Mubigire muzirikana ko ari uburyo bwo kugaragaza ko mukunda kandi mushashaye gukundisha ibanga ry'ubusaserdoti n'iry'ukwihebera Imana.

Musabire abo Imana yihamagarira kandi mwegeranya ibifungurwa vyunganira amaseminari mato n'amanovisiya, mwongere mutange amashikanwa arungikwa mu kigega rusangi c'Igikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa.

Iyo ntererano iva mu ma Ekleziya yose imaze kwegeranywa, iraha igasabikanywa ngo yunganire mu ndero y'abaseminari n'abanovisi bo mu bihugu bitari bike vyo kw'isi, n'aha iwacu harimwo.

Gurtyo tukaba turiko turagerageza kugendera ya nyigisho Pawulo Mweranda yaha Abanyakorenti, agira ati : "Uwari yegeranije vyinshi asange ata co asaguye; na we uwari yegeranije bike asange ata co akenye". Ivyo ni mwavyitwararika muzoba muterereye kugira ngo ejo canke hirya y'ejo haboneke abakozi benshi Umukama arungika mu murima wiwe.

8. Kugira ngo bigende neza, Abungere bacu barashinze ko umusi w'Imana ugira kabiri mu kwezi kw'indwi, uba ari wo musi uhariwe kwegeranya iyo ntererano irungikirwa ico Gikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa. Muri uno mwaka, uyo musi ukazoba kw'igenekerezo rya 14 Mukakaro.

Ese mwowitwararika, ugaheza ukabafasha kugaragaza ko ibatisimu mwahawe yabagize koko abamisiyonari basangiye umwitwarariko w'uko Inkuru Nziza ya Yezu Kristu ikwira hose.

9. Mu gusozera, nongeye kubatumirira no gushingira ya mirwi ikukira Igikorwa ca Papa citiriwe Petero Mweranda Umutumwa aho itari no kuyikomeza aho imaze

gutanguzwa.

Muze tugire urunani nkarumwe abakristu ba mbere bagira mu gusabira Umutumwa Petero igihe yari mw'ibohero (Raba Ibikorwa vy'abatumwa 12,5) kugira imitima iki-bohewe mu gicumuro kubera ukutaronka abayimenyesha Inkuru Nziza ya Yezu Kristu ibohoke, maze abasaserdoti n'abihebeyimana beranda bagwire, bashikire abantu bose, babigishe kuzigama ivyo Yezu yadutegereje vyose (Raba Matayo 28,20) ngo Ubwami bwiwe busagarare hose.

10. Ndabipfuriye kandi guhimbaza neza ama Yubile twimirije mu kubandanya dushigikira abo Imana iguma yitorera ngo ibatume mu murima wayo.

Bikira Mariya Nyenyeri y'abamenyesha Inkuru Nziza ni atuvugire ku Mwana wiwe Yezu Kristu ngo twamane umwitwarariko w'uko umurima w'Umukama wokwamana abakozi bakwiye kandi bama baronka ibibunganira mu butumwa bwabo.

## Yohakimu NTAHONDEREYE

*Umwungere wa Diyoseze ya Muyinga Umukuru w'Umurwi mpanuzwajambo w'inama y'Abepiskopi Gatorika bi Burundi mu vyerekeye ukumenyesha Inkuru nziza n'Inyigisho nkomeza-kwemera.*

## Diyoseze Nkuru ya Bujumbura yaraye yungutse abadiyakoni n'abasaserdoti bashasha

**Abatiwe mw'ibanga ry'ubudiyakoni (11)**

Béni-Nobel Mpore (Paruwase Kinama), Dieu-donné Ndiokubwayo (Paruwase Jenda), Christophe Ndikubwayo (Paruwase Bukeye), Éric Nininahazwe (Paruwase Mubimbi), Laurent Niragira (Paruwase Mutumba), Jean-Marie Vianney Niyonzima (Paruwase Munanira), Zacharie Nyangoma (Paruwase Ruziba), Désiré Nzohabonayo (Paruwase Rushubi), Cyriaque Sindayigaya (Paruwase Rushubi).

Haratiwe kandi abadiyakoni bo mu bapatiri ba Schoenstatt: Janvier Masirika Cirhuza (Paruwase Kadutu, Diyoseze Nkuru ya Bukavu) na Claver Karakura (Pa-

ruwase Rutovu, Diyoseze Bururi, akaba ari uwo mu Muryango w'abapatiri ba Schoenstatt).

**Abatiwe mw'ibanga ry'ubusaserdoti (10)**

1. Diyakoni Jolis Bukuru (Paruwase Bukwavu)
2. Diyakoni Alain Michel Habarugira (Paruwase Nyakabiga)
3. Diyakoni Jérôme Mutimukeye (Paruwase Bukeye)
4. Diyakoni Aimable Ndayikengururukiye (Paruwase Jenda)
5. Diyakoni Arcade Ndayikeza (Paruwase Buterere)
6. Diyakoni Gérard Ndayisenga (Paruwase Kinama)
7. Diyakoni Ferdinand Nintunze (Paruwase Magara)

8. Diyakoni Alfred Niyintasha (Paruwase Mubimbi)

9. Diyakoni Jean Bosco Nsengiyumva (Paruwase Munanira)
10. Diyakoni Edmond Nshimirimana (Paruwase Bukeye)

**Abaterwa iteka ryo kuba abasomyi b'ijambo ry'Imana ni 12:**

Havyarimana Clément (Jenda), Manirakiza Vianney (Kiganda), Ndayikengururukiye Marcel (Karinzi), Ndayisenga Eric (Rushubi), Ndayishimiye Fabien (Rushubi), Ndayiziga Kennedy Galilée (Kanyosha), Nduwimana Chanel (Kirombwe), Niyokindi Félicien (Kirombwe), Niyomwungere Cédric (Rushubi), Nkurunziza Égide (Buzira-

canda), Nshimirimana Jonas (Mubimbi), Nzoyisaba Jean Marie (Kivoga).

**Abaterwa iteka ryo kuba abakorezi ni 11:**

Akimana Bridget Brax (Ngagara), Ingabire Emmanuel (Kivoga) Kiberwa Zélote (Munanira), Ndayikengururukiye Noé (Buterere), Ndayisenga Fabrice (Bukeye), Ndayisenga Jérôme (Mutumba), Ndayisenga Trésor (Musaga), Ndikumana Janvier (Bukwavu), Nshimirimana Thierry (Matara), Nshimirimana Vianney (Mubimbi), Nyambirigi Raoul (Kinindo).

**Patiri Noël Ntirandekura**

## Amaze imyaka ine, yamaze iki? (Ibikurikira)

**(Bitangurira ku rup.3)**

Nko Kubona Abarundi bakanuye, bakazirikana ko igihugu ari icabo kandi bategerezwa kugikorera atawe bagisiganije, bagahaguruka bakiyubakira inyubako rusangi, ibibuga n'amasoko vya kijambere, amasomero, amavuriro, ibitaro, amazi meza, uburaro bw'ingenzi, ibiro vy'indongozi n'ibindi vyinshi, ni intambwe ikomeye iduha umwizero kandi idashobora gusubira inyuma.

Igihugu cacu kandi gifise ubutunzi bwinshi kama, bushobora kugiteza imbere mu gihe gito: isi yacu imera imbuto zose, dufise imvura igwa mu

gihe kinini c'umwaka, inzuzi n'amasoko mu ntara zose, ubutare bw'inshi bukwiragiye mu ntara z'igihugu, n'ibindi vyinshi.

Dusabwa rero guhagarika kurirana ivyo abandi baririra, dukamishe mu mahoro ivyo vyiza Imana yaduhezagije, maze twigabe twiganze kuko twigaburira, dusezere kuzeza inze nk'umugendanyi.

Barundi benewacu,

22. Imbere yo gusozera, twashaka duhamagarire Abarundi bose kugenda tubona kumwe iyo turiko turaja, turabe iyo twe-rekeza, uwubona ivyijiji abatahuye kare bamusi-

gurire, kugira ngo ntidute umwanya w'intumbero twihaye y'Imbonakazozo y'igihugu cacu, umwe wese aje ku kivi mu vyo yiyumvira ko vyomufasha gushika kuri iryo hangiro.

23. Hanyuma tugendere ubuntu! Kuko, ivyo twipfuzaga tuzobishikako mu gihe tuzoba twubutse imibano myiza itonyorotse, imota ubutungane hagati yacu, dúsangira akabisi n'agahiye mu mahoro yubakiye ku rukundo.

Mu gihe tuzoba twibohoye imigozi yo kutabona iciza mu bandi, tukagaruka kw'isoko ry'ubuntu bwamye buranga Abarundi, nta nkeka ko tuzo-

teza ikivi mbere n'imbere y'ikiringo twihaye.

24. Ico nipfuriza Abarundi banyizeye bakampunda amajwi ngo ndabarongore, ni ukubona Uburundi bufise iteka, ababwo babunezererewe, bari mu gihugu kizira indyane n'agacinyizo, bunze ubumwe butaregarega.

Intambwe tugezeho uno musu tuyikesha ubumwe buturanga. Ntitukarekure iciza twafashe, "turi kumwe twese birashoboka"

**Imana ibahezagire !**

**Ndongozi y'Uburundi**

# Inkingi, amahangiro ya kazoza n'ico imbonakazoza yipfuza *(Ibikurikira)*

Birakenewe cane rero ko hashimangirwa hakongera hagakomezwa neza na neza iterambere rimaze kwigaragaza mu bikorwa vya banki nge-ndanwa mu gukoresha imihora ngurukanabumenyi.

Birakwiye rero guteza imbere ibimaze gushikwako mu ntumbero yo kudandaza no guhanahana amafaranga biciye mu buhinga ngurukanabumenyi.

Iterambere ry'ubuhinga bwa none (TIC) buca ku mbuga ngurukanabumenyi rizotuma ibikorwa vyo mu gisata c'amabanki bihindura ishusho ryo-ngereze n'ubushobozi bwo kuronswa ibikenewe mu bijanye no kuziganya, kuronswa ingurane, kuriha, ubwishingizi hamwe no guhanahana amafaranga; ari na vyo bizohava bifasha mu gushigikira no gukomeza ibikorwa vyo kugwiza umwimbu hamwe no kugwiza urugero rw'ubutunzi.

Ibi vyerekana akamaro ko guteza imbere ibigo vyo kuziganya no kuguranana (amabanki, ibigo vyo kuziganya no kurana, uburyo bwo guhanahana amafaranga biciye ku buhinga ngurukanabumenyi, ubuhinga bwo gukoresha amakarata y'ingurane ku buhinga bwa none, amapospita, amakoperative y'ubudandaji) kugira ngo bakoreshe neza amahirwe azanana n'ihinduka hamwe na bishasha mu buhinga ngurukanabumenyi bworoshya mu gu-

hanahana amafaranga.

Uretse ko ibi bizongereza urugero rw'abenegihugu bakoresha ibigo vyo kuziganya no kuguranana, bizonatuma abikorera utwabo bashobora kwungukira mu mahirwe atangwa n'iterambere ry'ubuhinga ngurukanabumenyi.

Ihangiro rya 10

***Kwongereza inguvu z'ibisata bifasha abavyituye muvyo bakeneye.***

Igisata gikorera abantu ivyo bakeneye ni igisata gikomeye cane mu guhindura inyubako y'ubutunzi n'iterambere muri rusangi. Kubera ico gisata giterera gushika ku bice 40% mu mwimbu mfatiro kuri mwenegihugu (PIB), birakenewe cane ko ico gisata kizamurwa, canecane mu kugwiza ibikorwa bishorwa mu mahanga.

Kugeza ubu, Uburundi bwari igihugu gisumira hanze cane mwene ivyo bikorwa, aho ibishorwa hanze biva m'Uburundi biri ku rugero ruto cane.

Ni co gituma hakenewe inguvu nyinshi mu bisata vy'ibikoresho, inyubako nziza, guteza imbere igisata co gutwaza amakori no gutunganya neza inzira ibidandanzwa bicamwo.

Bizokenerwa cane gushira imitahe mu gisata co kworohereza ihanahana ry'ibidandanzwa, ukwongereza ibikoresho bikora neza, no guteza

imbere igisata c'ingenzi.

Ku bijanye n'akamaro k'ubudandaji mu gisata gifasha abacituye muvyo bakeneye, birakwiye gushimangira inzego zifata iya mbere muri ico gisata (itumatumanako, amabanki, ubwubatsi, n'ibindi) no gukoresha amahirwe n'ubushobozi bihasanzwe, canecane mu bijanye n'ibikorwa bishorwa hanze (hari-mwo ubuhinga bwa none TIC no gutwara ibintu n'abantu, n'ibindi).

Ihangiro rya 11

***Kugabanya buhoro buhoro kuzera inze.***

Kwegeranya uburyo bwo mu gihugu ni ntangere, mu ntumbero yo kwinjira mu nzira y'iterambere, igihe cose mu kugabanya kwama kizera inze, ku mfashanyo mva maku-ngu.

Ibi na vyo bigizwe n'imigambi yo kwegeranya amafaranga atozwa mu gihugu biciye mu makori n'amatagisi, no gutwaza bimwe biboneka inyuruzwa ry'amakori n'amatagisi, ntiyigere ashika mu kigege ca Reta.

Ukwiyongera kw'amafaranga yinjira atojwe mu gihugu rizoca kandi mu gutunganya neza igisata c'ubutare hamwe no gukoresha neza amafaranga avuyemwo, ari na co gituma bikenewe ko haduzwa ubushobozi n'ubuhinga bwo gutunganya neza amafaranga y'igihugu.

Vyongeye, hakenewe kwongerezwa ubuhinga bwo kuziganya, guteza imbere no kurwiza ibikorwa bikenewe birangurwa n'igisata kiraba ivy'amafaranga mu ntumbero yo gushika kw'iterambere. Ikindi na co, ni ngombwa kwihutira gushinga isoko y'imitahe ishobora gufasha kugwiza uburyo, bwa Reta canke ubw'abikorera utwabo.

Ukugabanya bukebuke urugero rw'imfashanyo bizoca mu gukomeza inkingi z'igisata c'ubutunzi ku rwego rw'igihugu, nk'uko tubibona mw'ihangiro rya 6 hamwe no mu bimenyetso-mfatiro n'amerekezo vyaryo, bijanye no guteza imbere imitahe mvamahanga ishorwa mu gihugu hamwe no guteza imbere i-hanahanwa ry'ibidandanzwa n'ibikorwa hagati y'igihugu n'amahanga, kugira hashobore kuba uburinganire hagati y'ibisohoka n'ivyinjira, gurtyo haboneke amafaranga mvamakungu mu kigege c'igihugu.

Bizoca kandi mu guteza imbere igisata c'amahinguriro n'ico guhanahana ubuhinga bwa none, kirumara muri ico gisata, nk'uko tubisanga mw'ihangiro ry'7 n'ibimenyetso-mfatiro n'amerekezo bijanye.

Ihangiro rya 12

***Kwongerereza urwaruka ubushobozi bwo kwitunganiriza akazi.***



# Imvugo itababaza mu mashure *(Ibikurikira)*

Foto: Chanel HARINGANJI



Gukora ni ukugamburuka Itegeko ry'Umukama nk'uko tubibona mu Gitabu c'Amamuko: « Nimurondoke kandi mugwire, mwuzure isi muteko mugiganze ». (Amamuko 1, 28).

Kuganza isi Imana itubwira ni ukuyibungabunga neza kurya umwungere mwiza ubangabunga ubusho bwiwe, kuyiteza imbere, ikagumana iteka kuko ni inzu rusangi nk'uko Papa Fransisiko abitubwira.

Igikorwa ku muntu ni ntaburizwa, ni itegeko rero nk'uko n'Imana yaremye ibintu yariko irakora kandi n'ubu iguma ikora na Yezu aguma akora: «Gushika ubu, Dawe ntahengeshanya gukora, na jewe nyene ni uko, mbandanya gukora» (Yohani 5, 17).

N'amategeko agenga abakozi n'akazi avuga ko umuntu wese ategerezwa gukora ku bw'inyungu rusangi ka-ndi

kugira ngo arangure imirimo yiwe (Code du travail, Chap II, section 1, art.5).

Igikorwa ni ukucubaha kuko kiradufasha kwisununura mu muryango mu kurwanya ubukene, ariko ntakukiraba canke kuraba umushahara nk'isoko ry'ubuzima, aho ukura uburaro n'uburamuko.

Ubu hoho ari mutoya umuntu aravye nabi arashobora kuhacumurira mu kwidoga, kwiba canke gukora nabi ukamenga gukora n'ukureka ni co kimwe.

Imana ni yo soko ry'ubuzima bwacu, ni yo mizero yacu. « Bike mu kwubaha Umukama biruta itunga ryinshi ryo mu ruhagarara » (Imigani 15, 16).

Na Yezu ariyamiriza abantu bashaka kwishimira ibikorwa vyabo, umusaruro bitanga ku buryo bahakwa n'ukwi-

bagira Imana. Umugani w'ikizeze c'umutunzi urabitwibutsa. « Ewe kiburabwenge, muri iri joro nyene umutima wawe baza kuwukwaka. None iryo tunga ryawe riza gusigarana nde ? » (Luka 12, 20).

Mu gukora umuntu aba ariko arabandanya igikorwa c'urukiza rw'Imana, afashanya n'Imana kugira ngo isi ibandanyeibanziza. Igikorwa kinywanisha umuntu na Yezu Kristu umukozi.

Igikorwa ni vyo kiraruhisha, ariko gifasha umuntu guhinduka n'uguhindura isi, mbere n'uburyo umuntu akoresha kugira isi ironke urukiza.

Mu kurinda uburube bw'igikorwa ari kumwe na Yezu yabambwe ku musaraba ku bwacu, umuntu aba ariko arafasha Umwana w'Imana uko ashoboye gukiza isi.

Gusozera

Kugira ngo ishure rishike kw'ihangiro ryihaye, rigiwe imbere n'umuyobozi mwiza akurikiza ibijanye n'uburongozi bwiza, rironke umwimbu mwiza, abarerwa bahakure n'indero runtu, hakenerwa ibintu vyinshi cane.

Intererano yacu naho ari into yari ishingiyeye ku burongozi bwiza, imvugo iremesha, idakomeretsa tutibagiye akamaro k'igikorwa mu buzima bw'umuntu, mu yandi majambo agaciro k'umwuga w'ukwigisha.

Uwo mwuga canke mberere ubwo « butumwa », uwo « muhamagaro » w'ukwigisha usaba kwitanga cane. Umushahara umwigisha aronka ntushobora gukwira kugira aronke ivya nkenerwa yipfuzwa.

Ni ibanga riha-mbaya kandi « Ibanga ribangirwa ingata ». Abigisha mu kwigisha indongozi za kazoza, baba bariko barafasha Imana ku rugero rwabo gutegura abazoteza imbere isi muri kazoza.

Nibabikorane ishaka cane cane umutima w'urukundo; abo baramuye na bo baje baribuka uruhara bagize mu buzima bwabo, ntibabiyobagize mu kurindira ko Reta umusi uri izina izobongerereza agashahara.

Cane cane igihe bazoba barangije ubuzima bwabo ngaha kw'isi, bararanguye neza uwo muhamagaro w'ukuramurira Uburundi, isi na Ekleziya, Umukama Yezu azobabwire ku musi w'imperuka ati: « Nimuze bigisha beza mwahezagiwe na Data, mutorane Ubwami mwateguriwe kuva isi ikiremwa kuko mwaranguye neza ubutumwa bwanyu, nk'indongozi nziza, no mu kuramura indongozi nziza zafashije isi gutera imbere ».

**Chanel HARINGANJI**

# Inkingi, amahangiro ya kazoza n'ico imbonakazoza yipfuza *(Ibikurikira)*

*(Bitangurira ku rup.6)*

Mu ntumbero yo guhindura ubutunzi butujana kw'iterambere, Uburundi bwafashe ingingo yo gushira imbere urwaruka, nka kimwe mu bintu bikuru bikuru mu rugamba rw'iterambere ry'ubutunzi bw'igihugu.

Igihugu cyemeje guha ikibanza kiboneka urwaruka kugira ngo rugire uruhara nyarwo, ata wusigaye inyuma mw'iterambere ry'ubutunzi bw'Uburundi. Intumbero nyamukuru y'igihugu ni uguteza imbere abenegihugu, hanyuma akazi na ko kagashingira canecane urwaruka.

Ku bw'ivyo, Reta yarateguye umugambi wo gukomeza ubushobozi mu vy'ubutunzi n'akazi k'urwaruka rutagafise ariko rwahejeje amashure, mu ntumbero yo kurworohera kwitunganiriza akazi gutyo rushobore kurwanya indwara yo kubura ico rukora n'inkurikizi zijanye navyo.

Uno mugambi werekeje kandi gukomeza muri rwo umutima wo gukunda igihugu no gutuma rubona ko hari ico rwitezweko mu bikorwa vy'iterambere mu ntumbero yo gushikira ubutunzi budakumira kandi burama.

Ihangiro rya 13

***Kwongereza ubushobozi bw'ubuvuzi bw'intango kuri bose***

Ni vyo Uburundi bwarateye imbere mu bijanye n'amagara y'abantu, ariko haracakenewe gushira

inguvu mu kugabanya ubusumbasumbane mu vy'amagara y'abantu, no gutuma imice yose y'abenegihugu bashobora gushira mu ngiro impano zabo zose, mu guteza imbere uko igisata c'amagara y'abantu gikora no kwagura ibikorwa vyaco, ku buryo abenegihugu bose, ku ngero zose bashobora kuronka ubufasha ntungamagara bakeneye.

Ibi bisigura ko babwirizwa gukorera hamwe, kurwiza inyubako z'amagara y'abantu kugira bose bashobore gushikayo bitagoranye, gukomeza umuhora imiti icamwo kugira ishikire abayigenewe kandi bayikeneye, kwongereza igitigiri c'abakozi, gushira imitahwe mu bikorwa vyo kuronsa abakozi inyigisho n'ibikoresho bigezweho bikoresha ubuhinga bwa none, kwongereza ubushobozi bw'amavuriro kugira abenegihugu bashobore gukorerwa ivyo bakeneye.

Ibi bizongereza ibikorwa birangurirwa ababituye mu bijanye no gupimisha imbany, kugabanya urugero rw'abakenyezi bapfa bari kwibaruka, hamwe n'abana bapfa bakivuka, igikuriro c'abana, gutandukanya imvyaro, kurwanya umugera wa SIDA, malariya, igituntu n'indwara ngendanwa.

Ihangiro rya 14

***Guteza imbere ibikorwa vy'ibitaro bigezweho***

Uretse ubuvuzi bw'intango

n'ibindi bikorwa mu gisata c'amagara y'abantu, ishaka ryo gushika kw'iterambere ry'Uburundi risaba ko dutorera inyishu ikibazo c'iterambere ry'ubuvuzi bugezweho.

Iki ni ikibazo gikomeye cane kuko kirimwo n'ivyo guteza imbere ubumenyi bw'abakozi bo mu gisata c'amagara y'abantu n'ibikoresho bigezweho, kugira ngo biteze imbere ibikorwa vyo kubungabunga amagara y'abantu, urugero n'ubudasa bw'ubumenyi bw'abakozi kugira tubashoboze guhangana n'igwirirana ry'indwara zitandukira (indwara z'umutima, indwara y'igisukari, kanseri, n'ibindi), impanuka, ubushe, abana bavutse hatageze, indembe, indwara zifitaniye isano n'ubusaza n'ibindi.

Muri iyo ntumbero nyene, gutorera inyishu iki kibazo bizofasha gutera intambwe iboneka itwerekeza kw'iterambere ry'Uburundi, kubera izotuma haba inyungu ijanye « n'ubutunzi » mu bijanye no gutunganya amafaranga mvamakungu / amafaranga yama ariko ararirwa hanze y'igihugu kubera igisata c'amagara y'abantu m'Uburundi gifise ivyo kidashoboye, mu bijanye no kuvura indwara zimwe zimwe, binaturutse k'ubumenyi buke mu buhinga bwa none, kwinjiza amafaranga yo hanze kubera ibikorwa / ubuhinga mu magara y'abantu bitangwa mu Burundi.

Ihangiro rya 15

***Guteza imbere inyigisho z'intango z'akanovera kuri bose.***

N'ubwo hari ibikorwa vyinshi vyashoboye kurangurwa mu nyubako hafatiwe kw'irwirirana ry'abantu, Uburundi buracakeneye gushira imitahwe mu kanovera k'indero ku ngero zose, kugira hatorerwe inyishu ibibazo vyibonekeza muri ico gisata gushika ubu, no kuduza urugero rwo kuranguraneza ibitegekanyijwe, guryo vyongereze akanovera keza k'ivyo dusanganywe ngaha m'Uburundi.

Intambwe zimaze guterwa zirashimishije mu bijanye n'inyubako, ariko igisata c'indero kira cari mu bisata bigikeneye imitahwe myinshi, kugira hongerezwe igitigiri c'inyubako zikomeye kandi zibereye ubu ziboneka ko zikiri nke ugereraniye n'ibitigiri vy'abanyeshure dusanga mu mashure mato mato, mu yisumbuye no muri Kaminuza.

Haguma hakenewe abakozi, benshi kandi bafise ubumenyi buhagije, ibikoresho vyifashishwa mu kwigisha, kugira twongereze akanovera k'inyigisho zitangwa ku ngero zose, no muri Kaminuza nyene ari na ho tubonera aho igikorwa c'igisata c'indero kigeze.

***Biracaza***

***Patiri Noël Ntirandekura***



## Amakungu arakenguruka intambwe Uburundi bugezeko mu bijanye n'agateka ka zina muntu

Foto: Chanel HARINGANJI



Nk'uko vyemezwa na HARIMESHI Désiré umuyobozi mukuru w'agateka ka zina muntu, kwigisha amahoro no gusubiza hamwe mu bushikiranganji bwo gushigikirana agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira, avuga ko igihugu icyo arico cose icyo giteye igikumu ku masezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu, gitegerezwa kwereka ayo makungu ingene kiriko kirakurikiza ayo masezerano.

Hari mu mwaka uheze wa 2023 mu kwezi kwa Ndamukiza, aho abajijwe ivy'agateka ka zina muntu mu Burundi, berekeza i Geneve mu gihugu c'Ubusuwise mu

nama idasanze mpuzabihugu, vyaba ivyateye igikumu canke ibitateye igikumu kuri ayo masezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu, kugira vyerekane igene ivyo kubahiriza agateka ka zina muntu vyifashe mu bihugu iwabo.

Ico gihe Uburundi bukaba bwarashimiwe cane ko bwemera gukeburwa, kandi inkebuzo (Recommendations) bwahawe, zikaba ahanini zari izo kubutera intege ko bwo-bandanya kuri uwo murindi buriko.

Ico gihe rero, amakungu yarashoboye guha Uburundi inkebuzo zishika 287, ariko nti-bwashoboye kuzemera

zose, kuko muri izo 287, izishika 83 bwarazanse kubera zidahuye n'imico n'imigenzo y'igihugu cacu, mu gihe izishika 204 zashoboye kwemerwa.

Uburundi bukaba aribwo bwashoboye kwemera inkebuzo nyishi gusumba ibihugu vyose vyari vyitavye icyo nama.

Ni muri icyo ntumbero igihugu cacu kibicishije mu bushikiranganji bwo gushigikirana agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira kwereka izo nkebuzo imice itandukanye ifata ingingo kugira bazishire mu ngiro.

HARIMESHI Désiré umuyobozi mukuru w'a-

gateka ka zina muntu, kwigisha amahoro no gusubiza hamwe mu bushikiranganji bwo gushigikirana agateka ka zina muntu n'iterambere ridakumira, akemeza ko gushikira mu mwaka w'2028 izo nkebuzo igihugu cacu cemeye zigera ku 204 kizoba camaze kuzishira mu ngiro.

Aho ni mugihe uyo mwaka nyene ariho Uburundi buzoca burungika intumwa i Geneve mu gihugu c'Ubusuwise kugira zije kwerekana ko za nkebuzo zagiye mu ngiro.

Ayo masezerano mpuzamakungu y'agateka ka zina muntu, akaba yabayeho kugira ibihugu bidakunda gutera imikono ku masezerano mpuzamakungu, vyumve ko bihamariwe kwerekana ingene iwabo biriko birashira mu ngiro ivy'agateka ka zina muntu.

Ni muri icyo ntumbero, icyo habaye inama zidasanzwe nk'izo, ibihugu vyose icyo biva bikagera vyaba ivyateye imikono kuri ayo masezerano, vyaba ibitateye umukono kuri ayo masezerano, bibwirizwa kuza kugira vyerekane ingene agateka ka zina muntu gakinigiye muri icyo bihugu baba baserukiye.

**Chanel HARINGANJI**

# Ingene uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu butegekanijwe

Kugira ijambo mu ntwaro y'Igihugu, ni uburenganzira bw'umuntu wese mu gihe akwije ibitegekanijwe n'amategeko, kandi birafise ingene amategeko abitegekanya.

*Intwaro y'igihugu, ishingiyeye ku nkingi zitatu z'ubutegetsi arizo :*

• Ubutegetsi nshingwabikorwa,

• Ubutegetsi nshingamateka

• Hamwe n'ubutegetsi butungane.

Ukugira ijambo mu ntwaro y'Igihugu, ni ukugira uruhara muri izo nkingi wiserukiye canke userukiye biciye mu matora.

Haba ku rwego mpuzamakungu canke ku rwego rw'Igihugu kimwe kimwe ukwaco bivanye n'ingene gitunganijwe, ubwo burenganzira hariho ingene butegekanijwe hisunzwe amategeko.

## 1. Ku rwego mpuzamakungu ubwo burenganzira butegekanijwe gute

Uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'Igihugu, hariho amategeko mpuzamakungu atandukanye abitegekanya.

Aha twovuga :

\* Nk'itangazo mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu,

\* Amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bwabantu mu kwitunganiriza ivya-bo

no mu vyerekeye poritike,

\* Amasezerano mpuzamakungu yo kurwanya ivyo vyose bikumira umukenyezi

\* Hamwe n'amasezerano ya Afrika yubahiriza agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu.

Aya masezerano mpuzamakungu afatira uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu muri rusangi, ntiyinjira mw'ido n'ido ry'ingene inzego zitandukanye z'ubuzima bw'ibihugu, kimwe kimwe cose uko zubatse.

mpuzamakungu ry'agateka ka zina muntu mu ngingo yaryo ya 21, n'amasezerano mpuzamakungu yerekeye uburenganzira bw'abantu mu kwitunganiriza ivyabo no mu vyerekeye poritike mu ngingo yaryo ya 25, zivuga ko umuntu wese afise uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu ciwe, akabigira yiserukiye we nyene ubwiwe canke abicishije ku bamuserukira batowe mu matora atunganijwe neza, amatora akozwe ku mugaragaro, aho umuntu wese atanga ijwi ryiwe mu mwiherero no mu bundi buryo bwose bugaragaza ugushaka kw'abantu mu

rana n'imizi ivyo vyose bikumira umukenyezi, yerekana ingene umukenyezi atokumirwa.

Tubisanga mu ngingo y'7 ivuga ko, ibihugu vye-meje aya masezerano bifata ingingo zose zikenewe kugira ngo haranduranwe n'imizi ikumirwa ry'umukenyezi mu ntwaro no mu buzima bw'igihugu, bikanamuha ububasha bungana n'ubw'abagabo mu vyerekeye :

\* Gutora no gushobora gutorwa mu nzego zose zikeneye amatora,

\* Gufadikanya n'abandi mu gushinga no kura-



Arahuriza kandi uburenganzira bw'umuntu bwo kugira ijambo mu ntwaro y'Igihugu ciwe, yiserukiye ubwiwe canke abicishije ku bamuserukira, biciye mu matora.

Tubisanga mw'itangazo

mwidegemvyo.

Kugira ijambo mu ntwaro y'Igihugu, bitegerezwa kuraba bese atawukumiye, mu gihe bakwije ibisabwa n'amategeko.

Amasezerano mpuzamakungu yo kurandu-

ngura imigambi ijanye n'intwaro y'igihugu,

\* Gushobora gushingwa amabanga ayo ari yo yose mu nzego z'igihugu,



# Ingene uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu butegekanijwe

*(Bitangurira ku rup.10)*

\* Hamwe no kuja mu mashirahamwe ategamiye Reta ariko akaba afise icyo avugira ku vyerekeye ubuzima n'ntwaro y'igihugu.

Ukwo kudakumirwa turabisanga kandi mu ngingo ya 13 y'Amasezerano ya Afrika yubahiriza agateka ka zina muntu n'ak'abenegihugu, ivugako, abenegihugu bose bafise uburenganzira bwo kudakumirwa mubiraba intwaro y'igihugu cabo.

Bashobora kwiserukira mu ntwaro canke bagaserukirwa n'abo bitoreye mu mwidegemvyo, bisunze amateka n'amategeko agenga igihugu.

Muri makeyi amategeko mpuzamakungu atandukanye ahuriza ku burenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu, atawukumiriwe, umuntu yiserukiye ubwiwe canke biciye ku wumuserukira habanje kuba amatora.

Ariko no ku rwego rw'igihugu kimwe kimwe cose, ubwo burenganzira burafise uko butegekanijwe. Reka turabe uko aha iwacu mu Burundi butegekanijwe.

## 2. Ingene amabwirizwa n'amategeko y'Uburundi ateganyanya ubwo uburenganzira bwo kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu

Aha iwacu mu Burundi, ibwirizwa shingiro ryarategekanijwe ingene ubwo burenganzira buubahirijwe. Kugira ngo ube ufise



*Amasanamu ya bamwe mu Bashingamateka bagize Inama Nshingamateka y'Uburundi*

ijambo mu ntwaro y'igihugu ni uko uba wiserukiye canke userukiye n'uwo witoreye biciye mu matora atunganyijwe neza, kandi ukaba atarwemo rufata ingingo zerekeye ubuzima bw'igihugu ukumiriwemwo mu gihe ukwije ibisabwa n'amategeko.

Ibwirizwa Shingiro rirerekana ingene bigenda kugira ngo umuntu aje mu mabanga y'ntwaro.

Ku vyerekeye kugira ijambo biciye kubaserukira abenegihugu batowe, ingingo y'7 y'ibwirizwa Shingiro ivugako abenegihugu ari bo soko ry'ubutegetsi mu gihugu, ni bo bitorera ababaserukira ngo barangure amabanga y'ntwaro canke bakifatira bonyene ingingo zirongora igihugu biciye mu matora.

Ingingo ya 71 na yo ivugako umurundi wese ashinzwe canke yatorewe amabanga y'igihugu ategerezwa kuyarangurana umutimanama, ubuntu,

ubutwari n'ubukerebutsi ku neza ya bose.

Ibwirizwa shingiro ryarategekanijwe kandi ingingo zikinga ikumira kuri ubwo burenganzira ryofatira ku mvo zitandukanye.

Tubisanga mu ngingo za 124, 128, 148, 263 hamwe n'iy'273 zerekeye urwego nshingwabikorwa kuva hejuru gushika ku nzego z'intango.

Izi ngingo zivugako abarundi bo mu bwoko bwose, mu migambwe canke mu nani z'imigambwe, ata n'umwe akumiriwe, barafise uburenganzira bwo kuja muri rwo.

Turabisanga kandi mu ngingo z'169 n'185 zerekeye ubutegetsi nshingamateka, aho zitegekanyanya urugero imice yose y'abenegihugu iserukirwamwo.

Turabisanga no mu ngingo za 213 na 222 zerekeye ubutegetsi bw'ubutungane, aho nazo nyene zerekana urugero iyo

mice yose igize abenegihugu b'Uburundi iserukirwamwo.

Mu gusozera, twobamenyesha ko kugira ijambo mu ntwaro y'igihugu ari uburenganzira bwa zina kiremwa muntu wese akwije ibisabwa n'amategeko, aho ashobora kwiserukira we nyene ubwiwe yitoje canke agenywe, canke akabicisha kubamuserukira yitoreye we nyene.

Haba ku rwego mpuzamakungu canke ku rwego rw'igihugu kimwe kimwe ukwaco, hariho amategeko yerekana ingene ubwo burenganzira butegekanijwe kwubahirizwa.

*Ikigo ca leta kijejwe guteza imbere agateka ka zina muntu no gukinga ihonyabwoko*  
«CPDHPG»



# CINOPR : Ni ikigo mpuzamico c'inama y'Abepiskopi Gatorika b'i Burundi



Foto: Chanel HARINGANJI

Iyo nyubakwa itangura ni Agasengeru k'ikigo CINOPR. Ikurikirwa n'inzu Abasaserdoti bashinzwe icyo Kigo baranguriramwo ubutumwa

Mu butumwa bwayo bwo gutanga intererano mu kubaho kw'abarundi, ibicishije mu gukomeza bimwe biboneka ingendo y'amahoro no gusibiwa hamwe, Abepiskopi Gatorika b'i Burundi baruruye bongera barinjira icese ikigo mpuzamico ku rwego rw'igihugu kijejwe kuremesha amahoro no gusubiza hamwe «CINOPR».

«CINOPR» : Ni ikigo mpuzamico c'inama y'Abepiskopi Gatorika b'i Burundi, kiri kw'ibarabara ryitiriwe Ludoviko Rwagasore, werekeza ku musozi wa Vugizo i Kiriri, inomero 158.

«CINOPR» ikorerwamwo iki?

1. Ibiro vy'abanyamabanga b'inama y'Abepiskopi Gatorika b'i Burundi,
2. Ibiro vy'abanyamabanga b'ibisata vy'inama y'Abepiskopi Gatorika b'i Burundi,




Foto: Chanel HARINGANJI

Ikigo CINOPR : Inzu y'amanama yubatswe ku buhinga bugezweho

3. Uburaro (Hôtel)

4. Inyubakwa y'amanama n'imanza zitandukanye,

5. Inyubakwa irimwo ivyuma bigezweho vyo kumesura no kugorora ivyambarwa(impuzu),

6. Inyubakwa yo kwivuniramwo umusase (Bar-Restaurant)



Foto: Chanel HARINGANJI

**Ndongozi y'Uburundi**